



**PWOSÈ VÈBAL SEYANS DEKOUT  
ELÈV GWROUP ENTÈVANSYON EGZAMEN ADMISYON NAN LEKÒL  
YO**

**samedi 1 mai 2021**

Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon Lekòl Komite Boston School te fè yon seyans dekout elèv adistans 1 Me 2021 a 1:00 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou eleman ki enimerè anba yo, vizite <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, voye imel [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oubyen rele Biwo Komite Boston School la nan (617) 635-9014.

**PREZANS**

Manm Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo ki Prezan: Ko-Prezidan Michael Contompasis; Ko-Prezidan Acevedo; Simon Chernow; Matt Cregor; Zena Lum; Zoe Nagasawa; Rachel Skerritt; and Rosann Tung.

Manb Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo ki Absan: Ko-prezidan Tanisha Sullivan; Acacia Aguirre; Doktè Tanya Freeman-Wisdom; Katherine Grassa; ak Tamara Waite.

Pèsonèl BPS ki prezan: Monica Roberts, Direktris Elèv yo, Avansman Fanmi ak Kominote; ak Monica Hogan, Direktris Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsablite.

**DOKIMAN YO TE PREZANTE**

[Agenda](#)

**OUVÈTI SEYANS LAN**

Madam Parvex te fè apèl telefonik. Tout manm yo te prezan, eksepte Ko-Prezidan Tanisha Sullivan; Acacia Aguirre; Doktè Freeman-Wisdom; Kathrine Grassa; ak Tamara Waite. Samuel Acevedo ak Zena Lum te entegre reyinyon an mwens pase yon minit aprè apèl la.

Mesye Contompasis te anonse ke gen sèvis entèpretasyon similtane ki te disponib nan espanyòl, kreyòl ayisyen, kap vè, vyetnamiyen, kantonè, mandaren, pòtigè, somali, arab, ak lang siy ameriken (American Sign Language, ASL); entètèprèt yo pral prezante tèt yo epi bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou aksede ak entèpretasyon similtane nan chanje chanèl Zoom nan.

Mesye Contompasis te prezante manm Gwoup Entèvansyon elèv yo Zoe Nagasawa ki soti nan Boston Latin School ak Simon Chernow ki soti nan Boston Latin Academy.

Mesye Nagasawa te bay yon apèsi sou pwosesis egzamen admisyon yo nan pase, te esplike politik admisyon yon-ane Ane Lekòl 2021-2022 an epi te deklare responsabiltè Gwoup Entèvansyon sa te vini avèk yon rekòmandasyon pou yon politik admisyon pèmanan. Entansyon seyans dekout la se te pou tande vwa elèv yo.

## **KÒMANTÈ PIBLIK LAN AN JENERAL**

- Suri Yang, elèv, te temwanyen konsènan eksperyans li nan pwosesis admisyon an.
- Shenghong Yang, paran, te temwanyen konsènan fristrasyon li avèk pwosesis admisyon an ak an favè yon egzamen.
- Emmanuelle Bogomolni, elèv, Boston Latin School (BLS) te temwanyen konsènan kritè posib elèv yo pou jwenn pwèn adisyonèl poutèt yo nan distri Boston Public School la ak enpak sou elèv imigran yo.
- Hua J., paran, te temwanyen konsènan eksperyans pitit yo a avèk pwosesis admisyon an.
- Jessica Alvarez, te mande si elèv ki te admi yo nan egzamen lekòl yo toujou bezwen fè tès la.

## **DISKISYON JENERAL**

Pandan tout kòmantè piblik la, manm Gwoup Travay yo te ankouraje piblik la pou bay refleksyon yo sou diferan kritè ak solisyon pou pwosesis admisyon an.

- Emmanuelle Bogomolni te temwanyen an favè pou genyen plizyè kritè ak mwens pwa sou tès MAP la is te genyen yon nesite yon tès. Li te kont rekòmandasyon ak esè pwofesè yo. Li te ajoute tou li pa t panse te genyen yon sistèm "non-jouwab". Li te temwanyen tou an favè pou distribye chèz pou chak lekòl.
- Rayne Valentine te temwanyen an favè rekòmandasyon pwofesè yo. Li te ajoute tou te kapab genyen divès etap verifikasyon pou konfime ke esè yo te rive ekri pa elèv la.

## **KÒMANTÈ POU KONKLI**

Madam Nagasawa te envite piblik la pou patisipe nan reyinyon Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo jou ouvrab yo.

## **SINEDYE**

Nan anviwon 2:07 p.m., Komite a te vote a inanimite, pa yon apèl telefonik, pou repòte reyinyon an.

Seyans Dekout Elèv Adistans Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo  
Zoom  
*samedi 1 mai 2021*

Ateste:

A handwritten signature in black ink, appearing to read 'Lena Parvex', with a stylized flourish at the end.

Lena Parvex  
Asistan Administratif